

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG RÉKOMENDASI**

Dina ieu bab dipedar sababaraha kacindekan tina hasil panalungtikan. Dumasar kana kacindekan-kacindekan kasebut ditepikeun sababaraha rékomendasi anu aya patalina jeung judul panalungtikan.

#### **5.1 Kacindekan**

Dumasar hasil analisis data nu aya dina bab IV, dijéntrékeun sababaraha kacindekan ieu di handap.

- a. Tina jumlah murid anu jadi objék panalungtikan 29 siswa. Kamampuh nulis naskah biantara siswa kelas X SMA Pasundaan 2 Bandung rata-rata kamampuh maké aksara 71,22%, rata-rata kamampuh nulis aksara 89,85%, rata-rata kamampuh nulis kecap 93,85%, rata-rata kamampuh maké tanda baca 95,18%, rata-rata kamampuh maké diksi 88,02%, rata-rata kamampuh mak undak usuk basa Sunda 82,82%.
- b. Sabada dianalisis dumasar kana aspék-aspék kasalahan basa, kapanggih yén aspék jumlah kasalahan makéna aksara (28,89%), jumlah rata-rata kasalahan nulis aksara (10,15%), jumlah rata-rata kasalahan nulis kecap (16,15%), jumlah rata-rata kasalahan maké tanda baca (4,12%), jumlah rata-rata kasalahan maké pilihan kecap atawa diksi (11,98%), jeung jumlah nu kasalahan maké undak usuk basa Sunda (17,18%).

**Novianti Purwanti, 2012**

Kamampuh Nulis Naskah Biantara Siswa Kelas X SMA Pasundan 2 Bandung

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

- c. Ditilik tina hasil jeung perséntasi dina di luhur siswa SMA Pasundan 2 Bandung umumna siswa geus mampuh maké éjahan (makéna aksara, nulis aksara, nulis kecap, tanda baca) sarta diksi jeung undak usuk basa Sunda. Diantara sababaraha aspék nu ditalungtik perséntasi pangleutikna nya éta 71,22% katégorina cukup, panggedéna tanda baca 95,18% katégori alus pisan.

## 5.2 Rékoméndasi

Éjahan basa Sunda téh penting kacida dina nulis. Kitu deui undak usuk basa Sunda dipiharep dipaké dina kagiatan komunikasi di sakola jeung kalayan bisa silih ajénan jeung leuwih mibanda budi pekerti anu luhung. Bakal leuwih hadé upamana undakusuk basa Sunda ieu dipaké ti leuleutik.

Nepikeun pangaweruh ngeunaan undak usuk basa Sunda téh tugas nu jadi kolot tur urang salaku guru sangkan barudak ayeuna teu pareumeun obor ngeunaan undak usuk basa Sunda.

Sabada ngalaksanakeun ieu panalungtikan ngeunaan *Kamampuh Nulis Naskah Biantara Siswa Kelas X SMA Pasundan 2 Bandung* aya rékoméndasi anu aya patalina jeung ieu panalungtikan nya éta éjahan basa Sunda nu kudu di tepikeun deui ka para siswa di antarana patalina jeung makéna aksara, nulis aksara, nulis kecap, tanda baca, kitu deui diksi jeung undak usuk basa Sunda.